



Pou Piblikasyon Imedya: 02/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU YO DESANN DRAPO YO POU RANN OMAJ A
VIKTIM FIZIYAD AN MAS LAS VEGAS YO**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo mande pou yo mete drapo yo an bèn nan tout bilding gouvènman leta yo jodi a, 2 Oktòb, jouk solèy kouche nan dat 6 Oktòb, an konjonksyon avèk yon pwoklamasyon federal, pou rann omaj a viktim fiziyad an mas Las Vegas yo.

“Yon lòt fwa ankò, nasyon an nan lapenn apre yon lòt fiziyad an mas, ki alafwa ensanse e epouvantab. New York kanpe avèk Las Vegas apre zak atwòs e egzekrab sa a - yon zak vyolans avèk zam. Nan moman difisil sa a, kè m fè m mal pou viktim yo ak moun ki pwòch yo.

Mwen mande pou yo mete drapo yo an bèn nan tout bilding leta yo alamemwa tout inosan ki pèdi lavi yo jodi a, epitou pou montre respè nou anvè tout moun lavi yo chanje ajamè apre asasinay kolektif sa a. Konbyen fwa ankò nou gen pou n wè konsekans vyolans avèk zam epi sibi konsekans devastatè fiziyad sa yo, anvan nou resi kanpe fèm, antanke yon sèl nasyon e antanke yon sèl pèp, pou nou di se ase?

Pandan ankèt la ap kontinye sou sa ki pase a, mwen mande pou New York pran lòt mezi sekirite senten kote kle nan eta a, kòm prekosyon. Sekirite moun New York, ansanm avèk vizitè nou yo, se priyorite nimewo en nou. N ap rete vijilan epi an kontak sere avèk fonksyonè lokal ak federal yo, epitou avèk ajans lapolis patnè nou yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418